

REZO OTOBIS EKSPRÈS TRANSPÒ RAPID (BERT) FÈY ENFÒMASYON

APÈSI SOU PWOJÈ A

Rezo Otobis Ekspres Transpò Rapid la (BERT) se yon sistèm uit nouvo wout otobis ekspres ki fè pati Plan Estratejik Transpò Rapid Zòn Miami (SMART). Atravè Rezo BERT la, Depatman Transpò ak Travo Piblik (DTPW) Konte Miami-Dade va bay sèvis otobis ekspres fyab epi pratik ki konekte vwayajè pou ale tounen nan sis Koridò Plan Transpò Rapid SMART yo ak sant travay enpòtan yo. Rezo BERT la fèt pou vwayajè ki gen arè limite sou long distans ki, lè li bay yon opsyon transpò ekonomik ki san estrès.

Otobis sou rezo BERT la va woule sou ling ekspres yo, ling ki jere yo ak akotman otowout yo, pou yo ka kouri a yon pi gwo vitès pase sikilasyon nòmal la. Lè otobis yo pa sou otowout, yo ap konte sou Siyalizasyon Priyorite Transpò (TSP) pou minimize sikilasyon lajounen yo. Teknoloji TSP pèmèt otobis yo kominike avèk limyè sikilasyon pandan otobis la ap apwoche. Limyè ka swa rete vèt pi lontan oswa diminye tan wouj la pou otobis ka kontinye deplase. Operasyon sa yo va delivre yon sèvis pi fyab avèk frekans otobis ki sòti 10 rive 20 minit pandan èdepwent.



RETE ENFÒME

Pou plis enfòmasyon, kontakte Ofisye Enfòmasyon Piblik Yvette Holt nan 786-714-2792 oswa pa imel nan BERT@miamidade.gov.

ORÈ

Yo pwograme wout yo pwogresivman ant 2019 ak 2027 pandan yo ap fini konstriksyon enstalasyon Park and Ride yo, ling jere yo ak amelyorasyon lòt enfrastrikti

FINANSMAN

Konte Miami-Dade va finanse nouvo enstalasyon Park and Ride yo ak nouvo machin transpò piblik yo, an kolaborasyon avèk Gwoup Transpò Endepandan Sitwayen ak Depatman Transpò Florid.




@GoMiamiDade |




GO Miami-Dade Transit



REZO OTOBIS EKSPRÈS TRANSPÒ RAPID (BERT)




WOUT B SOUTH MIAMI-DADE EXPRESS



Soti SW 344th Street TransitW Station rive Dadeland North Metrorail Station ansanm ak Ling Jere Turnpike Florida. Yo espere sèvis la va demare an 2021. Alavni, yo va ajoute arè lè nouvo enstalasyon Park and Ride yo bati. Lokal preliminè yo genyen SW 288th Street/HEFT, SW 211th Street/HEFT, ak SW 152nd Street/HEFT.


WOUT C NORTHWEST MIAMI-DADE EXPRESS



Soti Palmetto Metrorail Station rive nan Park and Ride 1-75/Miami Gardens Drive. Sèvis sa a te kòmanse an novanm 2019 ak kouri sou Ling Ekspres SR 826 ak I-75 Express.




WOUT D SOUTHWEST MIAMI-DADE EXPRESS




Soti yon nouvo enstalasyon Park and Ride planifye sou SW 136th Street sou bò sid Miami Executive Airport rive nan Dadeland North Metrorail Station. Yo espere sèvis la ap kòmanse an 2023 apre ouvèti nouvo new Park and Ride la.

WOUT E1 FLORIDA TURNPIKE EXPRESS SOUTH




Soti estasyon SW 344th Street TransitWay rive nan Dolphin Station Park and Ride. Yo espere sèvis la ap kòmanse an 2021. Alavni, yo va ajoute arè lè nouvo enstalasyon Park and Ride yo bati nan SW 288th Street/HEFT , SW 211th Street/HEFT, SW 152nd Street/HEFT ak FIU Panther Station.

WOUT E2 FLORIDA TURNPIKE EXPRESS NORTH



Soti pwochen FIU Panther Station Park and Ride I-75/Miami Gardens Drive Park and Ride. Yo prevwa dat sèvis la an 2027, ansanm ak konstriksyon ling jere Florida Turnpike Enterprise la.

WOUT F1 BEACH EXPRESS NORTH



Soti enstalasyon entèmodal Golden Glades nan Mami Beach Convention Center avèk arè nan Earlington Heights Metrorail Station ak yon nouvo Park and Ride Mount Sinai Medical Center. Yo espere sèvis la kòmanse an 2023 lè konstriksyon akotman SR 112/I-195/Julia Tuttle Causeway fini.

Pandan yon sèvis pwovizwa ap kòmanse an 2021, wout otobis ki kounye a kouri sou SR 112/I-195/Julia Tuttle Causeway va kouri sou akotman eksteryè a pou evite sikilasyon nòmal la lè vitès sou ling regilye a pi piti pase 35 mil alè. Yo va mete sèvis la andedan akotman yo yon fwa konstriksyon an fini an 2023.




@GoMiamiDade |



GO Miami-Dade Transit




WOUT F2 BEACH EXPRESS CENTRAL



Soti Civic Center Metrorail Station rive Miami Beach Convention Center avèk yon arè nan Mount Sinai Medical Center Park and Ride. Yo espere sèvis la an 2023 apre konstriksyon akotman I-195/Julia Tuttle Causeway la fini.

WOUT F3 BEACH EXPRESS SOUTH



Soti Miami Central Station rive Miami Beach Convention Center. Yo espere sèvis la an 2023.